# «ИТИБАРЛЫ БОЛАЙЫҚ»

**Н.Мэлисов**

Хожели районы АЖБ АЖ ПБ киши инспекторы әскер.

https://doi.org/10.5281/zenodo.18417996

Өзлермизге белгили санаўлы кунлерде қыс айы кирип келди кун суўытып адамлардың ыссылыққа болған мутажлиги асып барады ҳәм уйдеги бар болған уйлерди ысытыў қазанларын жағып тағыда қолбала ысытыў ускенелерин қосамыз.

Электр ток ҳәм газ ускенелеринен пайдаланғанда қәўипсиз пайдаланыў қағыйдаларына әмел етип, өрттың келип шығыўынада себеп болып атыр.

Район аймағында болып атырған өртлердиң көпшилиги пуқаралар турақ жайлары, мал-муликлери ҳәмде пуқараларға тийисли қоралар ҳ.т.блар есапланады.

Материаллық зыян ҳәм бахытсыз ҳәдийселердың жузеге келмеўи ушын ҳәр биримизден итибарлылықты талап етиледи.

Резина шланка менен газ тармағына ошаклар (плиталар) ҳәм қазанханалардағы газ жандырыўшы (горелка)ларды жалғап пайдаланыў жарылыўларға себеп болады.

Себеби табийий газ резина шланка арқалы өтип, оны морт жағдайға алып келеди ҳәм резина шланкада жарықлар пайда болады.

Натийжеде усы жарықлардан табийий газ сызып шығады ҳәм бахытсыз ҳәдийселер жузеге келеди.

Соның ушын ҳәр биримиз өрт қәўипсизлиги қағыйдаларына қатан турде амел етип, оны булжытпай орынласақ, өзимиз ҳәм жақын инсанлардың ден саўлығын ҳәмде мал-муликлеримизди өрттен сақлаған боламыз.

Қыс мәўсиминде өртке итибарсыз болмаң.

Егерде бөлменин ишинде табийий газ бар екенлигин сезсениз айна ҳәм қапыларды ашып самалаттырыў керек ҳәм дәрҳал «101» ҳәм «104» номерлерине хабар берин.